Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме китапхана орайы

# «Белгили шайыр ҳәм алым»

***Бабаш Исмайлов туўылғанының 95 жыллығына әдебиятлардың жазба обзоры***

**Нөкис – 2021**

## *КИРИСИЎ*

Республикамызда усы жылы Қарақалпақстанға ҳәм Өзбекстанға мийнети сиңген мәденият хызметкери, филология илимлериниң кандидаты, алым ҳәм сатирик шайыр Бабаш Исмайловтың 95 жыллық юбилейи кеңнен белгиленбекте. Бул сәнеге бағышлап Мәлимлеме – китапхана орайында да көплеген илажлар өткерилип атыр. Атап өтсек: китап көргизбелери қойылып, ушырасыўлар, әдебий кешелер шөлкемлестирилмекте. Ал Мағлыўмат-библиография хызмети тәрепинен болса әдебиятшы - алымлар, муғаллимлер, студент жаслар ҳәмде бәрше китапхана орайы пайдаланыўшылары ушын Бабаш Исмайловтың шығармалары, өмири ҳәм дөретиўшилик хызметине бағышланған әдебиятлардың библиографиялық обзоры исленип отыр.

Бул обзор төмендеги бөлимлерден ибарат:

1. Бабаш Исмаиловтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети.
2. Бабаш Исмаиловтың шығармалары.
3. Бабаш Исмайловтың шығармалары ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында.

## *Бабаш Исмаиловтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети*

Шайыр, дилмаш, әдебий сыншы ҳәм изертлеўши алым Бабаш Исмайлов қарақалпақ әдебиятының талантлы ўәкиллериниң бири. Ол 1926 жылы 12 июньде Қарақалпақстан Республикасының Әмиўдәрья районында туўылған.1942 жылы орта мектепти питкергеннен кейин аўылда муғаллим болып ислейди. 1948 жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын тамамлайды ҳәм усы институтта оқытыўшы болып ислеп қалады. Областьлық комитетте инструктор (1951-1953), Жаслар газетасында редактор (1953-1956), Өзбекистан Республикасы Илимлер Академиясының экономика ҳәм мәдeният комплекси институтында илимий хызметкер (1956-1958), «Қарақалпақстан» мәмлекетлик баспасында бас редактор (1958 -1961), Қарақалпақстан Республикасының телевидение ҳәм радио еситтириў комитетиниң баслығы (1961-1963) болып ислейди. 1955 жылы Жазыўшылар аўқамының ағзасы болды. 1965 жылы «Күнхожаның өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети» деген темада кандидатлық диссертация жақлады ҳәм «Филология илимлериниң кандидаты» деген илимий дәрежеге ийе болды.

Оның биринши қосығы «Гүллен, республикам!» 1943-жылы газетада жәрияланды, 1954-жылы усы атама менен туңғыш қосықлар топламы баспадан шықты. Кейин ала «Гейбиреўди ашбүйирден», «Ҳәр кимниң өз сыбағасы», «Жыллар ҳәм ойлар», «Оқыўшыларға естелик», «Түрли шәмен гүллеринен» қосықлары баспадан шықты.

Бабаш Исмайлов өзи шығарма дөретип қоймастан, басқа халықлардың жазыўшы – шайырларының шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарыў менен де шуғылланды. Мысалы: Александр Твардовскийдиң «Мәнзилден мәнзиллерге», Турсынзаданың «Хасан арбакеш», Камил Яшинниң «Жол көрсетиўши жулдыз», Степан Олейниктиң «Белгили бекбийкелер» ҳәмде Абдулла Тоқайдың, Максим Рыльскийдиң сайланды шығармаларын да қарақалпақ тилине аўдарды. Ол тек әдебиятшы болып ғана қоймастан сыншы да еди. Ол үш жүзден аслам монография, оқыў қолланбаларының ҳәм сын мақалаларының авторы және де орта мектеплер ушын «Қарақалпақ әдебияты» қолланбаларының да авторы болды. Соның менен бирге қарақалпақ фольклорын жыйнаўға да белсене қатнасты, оның таярлаўы менен Күнхожаның, Әжинияздың топламлары басылып шыққан.

Бабаш Исмайловтың хызметлери есапқа алынып, оған «Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстанға мийнети сиңген мәдений ғайраткери» атағы берилди, үш рет «Ҳүрмет белгиси» ордени, бир қатар медальлар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңеслериниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. Ол Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесине бес рет депутат болды. Ал «Жыллар ҳәм ойлар» топламы ушын республикадағы Бердақ атындағы сыйлықтың лауреаты болды.

Алым ҳәм әдебиятшы Бабаш Исмайловтың туўылғанына усы жылы июнь айында 95 жыл толады. Оның бул юбилейи Республикамыздың барлық жәмийетлик орынларында кеңнен белгиленбекте.

## *Бабаш Исмаиловтың шығармалары*




Исмаилов Б. Шығармалары: лирика, юмор – сатира. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1981. – 260 б.

Бул шығармалар топламынан шайырдың лирикалық қосықлары менен юмор – сатиралық миниатюралары ҳәмде басқа туўысқан халықлар әдебияты дөретпелеринен қарақалпақ тилине аўдармалары орын алған.




Исмаилов Б. Гейбиреўди аш бүйирден: Юмор-сатиралық қосықлар, фельетонлар топламы, Нөкис: Қарақалпақстан, 1959. – 106 б.

Шайырдың бул топламынан да юмор-сатиралық қосықлары ҳәм фельетонлары орын алған. Турмыста ушырасатуғын ҳәр қыйлы ўақыяларды қосық қатарларында өткир сын менен сүўретлеп береди.




Исмаилов Б. Қам сүт емген бенделер: қосықлар – Нөкис: Қарақалпақстан, 1985. – 68 б.

Шайырдың булл топламына өмириниң соңғы жыллары жазылған сатира-юморлық қосықлары киргизилген. Сондай-ақ топламға автордың басқа халықлар шайырларының юморлық шығармаларының аўдармалары да киргизилген болып ол шығармалар қызықлы ўақыяларды сөз етеди.




Исмаилов Б. За и против: стихи, басни, легенды / Пер. с каракалп. Аркадия Каныкина. – Нукус: Қарақалпақстан, 1987. – 175 с.

Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Бабаш Исмайловтың бул киши көлемдеги китабынан туўған халқымыздың Ўатан ушын пидәкерлик пенен мийнет етиўи баслы тема етип алынған. Сондай – ақ топламға тымсал ҳәм легендалары да киргизилген болып оқыған оқыўшыға ой салары сөзсиз.




Исмаилов Б.  Кунхожаның өмири ҳәм творчествосы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1961. – 285 б.

Қарақалпақ классик поэзиясының оғада көрнекли ўәкили есапланған Күнхожа Ибрайым улының өмири ҳәм дөретиўшилигине бағышланған бул китап оғада қунлы әдебий – илимий дөретпе есапланады. XIX әсирде жасап өткен Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳәм басқалар  шайыр Күнхожаны өзлерине устаз деп биледи. Мине усы шайырлардың да Күнхожаға арнап жазған қосықлары, өз - ара  бир биреўине жазған қосықлары туўралы да көплеген мағлыўматлар берилген.




Исмаилов Б.  Стихи: / Пер. с каракалп. Геннадия Ярославцева. – Нукус: Каракалпакстан, 1973. – 17 с.

Шайырдың рус тилинде басылып шыққан бул китапшасынан Ўатан ҳаққындағы лирикалық қосықлары менен сатиралық қосықлары орын алады. Оқыған ҳәр бир оқыўшының кеўилинде Ўатанға, туўған елге деген сүйиўшиликти тәрбиялайды. Сатиралық шығармаларында болса мыйық тартар қосық қатарлары менен өмир шынлығын шебер сүўретлеп береди.

***Дүзиўши:***

***Мағлыўмат библиография***
***хызмети бас библиографы:*** ***Г. Тажимуратова***